


THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

600 Southeast Third Avenue • Fort Lauderdale, Florida 33301 • Office: 754-321-2600 • Fax: 754-321-2701

ROBERT W. RUNCIE
Superintendent of Schools
**The School Board of
 Broward County, Florida**

 Nora Rupert, Chair
 Heather P. Brinkworth, Vice Chair

 Robin Bartleman
 Abby M. Freedman
 Patricia Good
 Donna P. Korn
 Laurie Rich Levinson
 Ann Murray
 Dr. Rosalind Osgood

Premye Oktòb 2018

Pandan kèk semèn ki sot pase yo, nou te resevwa anpil kesyon ak enkyetid konsènan kantite egzèsis sekirite ak egzèsis pou lòt gen dife. Asire sekirite ak pwoteksyon elèv yo ak moun kap travay nan lekòl yo se sa ki pi gwo priyorite nou. Egzèsis sekirite sa yo fèt nan lide pou ede elèv yo ak moun kap travay nan lekòl yo konnen sa pou yo fè si toutfw ta gen yon gwo problem ki prezante tout bon vre. Nou vle ba ou enfòmasyon sou mezi sekirite ak egzèsis nan lekòl yo.

Egzèsis pou dife ak egzèsis sekirite

Pandan plizyè ane, distri lekòl yo te resevwa lòd pou fè chak mwa egzèsis pou dife/ak egzèsis pou sove tèt ou tankou la lwa mande sa. **Lekòl yo dwe fe 10 egzèsis pou dife pandan tout ane lekòl la.**

Oganizasyon ki rele National Fire Protection Association an (NFPA) bay yout kondisyon ak fason pou egzèsis sa yo fèt epi chak ki lòt pou yo fe egzèsis pou lòt gen dife ak egzèsis pou sove tèt ou lòt gen problem. Genyen yo seri kòd espesifik NFPA bay, ki sipoze yon gid pou egzèsis pou dife ak egzèsis pou sove tèt ou.

Lekòl yo dwe sonnen alam dife a pandan egzèsis pou dife /egzèsis pou sove tèt ou yo epi fè tout moun sòti kite lekòl la. Si alam pou dife a sonnen pandan jou lekòl, elèv yo ak pwofesè yo dwe ale yon lòt kote epi kite lokal lekòl la. Moun kap travay nan lekòl yo pa gen dwa fèmen alam nan lòt lap sonnen. Elèv yo ak moun kap travay nan lekòl yo dwe retounen nan klas yo sèlman lè administrasyon lekòl la fe konnen tout bagay klè. Nan ka yo dife ki deklare tout bon, elèv yo ak moun kap travay nan lekòl yo dwe retounen nan klas yo sèlman lè pompye ki vini pou dife a di tout bagay klè moun ka antre. Chak lekòl gen yon liv sou preparasyon pou ijans ki bay tout bagay yo dwe fè lè alam pou dife a sonnen kelkeswa sete pou yon egzèsis oswa yon alam pou dife tout bon.

Egzèsis pou kòd ijans

Lwa Marjory Stoneman Douglas sou Sekirite Piblik kounye a egzije lekòl yo pou fè epi bay anpil enpòtans ak egzèsis pou gwo ensidan menm jan yo fè egzèsis pou dife. Pou Broward County Public Schools, egzèsis yo satisfè lòt yo fè egzèsis sou kòd wouj. **Anplis de 10 egzèsis**

pou dife yo, lekòl yo dwe kounye a fè 10 egzèsis sou kòd ijans (kòd wouj) pandan ane lekòl la.

Pandan egzèsis yo, moun kap travay nan lekòl yo ak elèv yo dwe konfòme yo ak pwotokòl epi pwosedi pou ensidan kritik.

Distrik la ap sipèvize lekòl yo pou aisre l egzèsis sou kòd wouj yo fèt an akò avèk nouvo lejislasyon an. Si yo mete yon lekòl nan pòt femen pandan jounen lekòl la, lekòl la dwe konte pòt femen sa a pami egzijans sou egzèsis yo te sipoze fè pou yon mwa an patikilye.

Menas vyolans sou lekòl

Lwa Marjory Stoneman Douglas sou Sekirite Piblik la konsidere tou menas sou lekòl yo tankou yon krim—yon krim dezyèm degre. Menas sa yo ka gen ladan yo itilize nempòt mo—alekri, vèbalman oswa sou medya sosyal yo—nan yon fason ki ka mansyone zam oubyen nenpòt fòm vyolans ki itilize zam oswa blese yon moun.

Nou pran tout menas oserye, paske yo kreye ensekirite nan kominote lekòl yo. Na semèn ki sot pase yo, te gen anpil ensidan kote kèk jèn timoun tap fè fo menas avèk entansyon pou yo fè vyolans nan lekòl yo. Kèlkeswa si menas sa yo se sèlman yon blag oubyen non, yo konsidere yo kounye a tankou yon krim dezyèm degre parapò ak nouvo lwa a. An konsekans bagay sa yo ou jan enkyete nou, nou ankouraje paran ak responsab timoun yo pou pale ak timoun yo sou konpòtman yo sou medya sosyal yo ak lòt ankò. Elèv yo kapab gen akizasyon kriminèl sou do yo, anplis ke yo kapab fè fas ak mezi disiplin nan lekòl yo, paske yo fè menas vyolans sou lekòl. Lalwa pa fe ankenn diferans ant yon blag, yon plezantri oswa yon menas grav.

Patnè nou yo nan Distrik la ak otorite lapolis lokal yo dwe asire yo lekòl yo kapab rete nan yo anviwònman an sekirite pou timoun yo aprann. Mèsi pou sipò ou ak konpreyansyon ou paske sekirite lekòl nou yo se responsablite tout moun nan kominote a.

Sensèman,



Robert W. Runcie